



Haitian Creole Edition
Grade 7 Mathematics Test, Book 2
March 6–12, 2008

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane

7

6–12 mas 2008

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si w montre travay ou.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ede rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Fich Revizyon Matematik


FÒMIL



Sèk

$$\text{Sipèfisi} = \pi r^2$$


$$\text{Sikonferans} = 2\pi r$$



Kib

$$\text{Sipèfisi Total} = 6s^2$$


$$\text{Volim} = s^3$$



Silenn Sikilè Dwa

$$\text{Sipèfisi Total} = 2\pi rh + 2\pi r^2$$


$$\text{Volim} = \pi r^2 h$$



Prism Rektangilè Dwa

$$\text{Sipèfisi Total} = 2wl + 2lh + 2wh$$

$$\text{Volim} = lwh$$



Prism Triyangilè Dwa

$$\text{Sipèfisi Total} = wh + lw + lh + ls$$

$$\text{Volim} = \frac{1}{2}wh \times l$$

KONVÈSYON

$$1 \text{ santimèt} = 10 \text{ milimèt}$$

$$1 \text{ mè} = 100 \text{ santimèt} = 1.000 \text{ milimèt}$$

$$1 \text{ kilomèt} = 1.000 \text{ mè}$$

$$1 \text{ gram} = 1.000 \text{ miligram}$$

$$1 \text{ kilogram} = 1.000 \text{ gram}$$

$$1 \text{ liv} = 16 \text{ ons}$$

$$1 \text{ tòn} = 2.000 \text{ liv}$$

$$1 \text{ tas} = 8 \text{ ons likid}$$

$$1 \text{ pent} = 2 \text{ tas}$$

$$1 \text{ ka} = 2 \text{ pent}$$

$$1 \text{ galon} = 4 \text{ ka}$$

$$1 \text{ lit} = 1.000 \text{ mililit}$$

$$1 \text{ kilolit} = 1.000 \text{ lit}$$

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk

31

Tablo ki anba a montre tanperati wo lajounen ak tanperati ba lannwit pou yon jou vandredi nan Anchorage, Alaska.

Tanperati wo lajounen vandredi	-7°F
Tanperati ba lannwit vandredi	-16°F

Pati A

A konbyen degre tanperati a te bese ant tanperati wo lajounen ak tanperati ba lannwit?

Repons _____ degre

Pati B

Tanperati ki pi cho yo te anrejistre nan Anchorage se 96 degre pi wo pase tanperati ba lannwit jou vandredi a. Ki pi wo tanperati yo te obsève pou Anchorage, Alaska?

Montre travay ou.

Repons _____ °F

Kontinye

32

Pwofesè syans ki nan lekòl Angela a ap planifye yon pwomnad edikatif pou tout klas li yo. Kantite granmoun k ap akonpaye elèv yo dwe pwopòsyonèl avèk kantite elèv yo. Pa egzanp, si 30 elèv prale nan pwomnad edikatif la, dwe genyen 5 granmoun.

Sèvi ak pwopòsyon anba a pou detèmine kantite granmoun, a , ki dwe akonpaye 84 elèv nan pwomnad edikatif la.

$$\frac{30}{5} = \frac{84}{a}$$

Montre travay ou.

Repons _____ granmoun

33

Ekri "senk mwens kat fwa yon nonb" sou fòm yon ekspresyon aljebrik.

Ekspresyon _____

Evalye ekspresyon anwo a si valè nonb enkoni an se 3.

Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye


34

Carlotta mande 30 kanpè ki aktivite deyò yo renmen. Pami kanpè sa yo, 13 renmen naje, 17 renmen bezbòl, epi 8 renmen natasyon ak bezbòl.

Ranpli dyagram Venn lan avèk enfòmasyon ki anwo a.

Asire ou

- mete tit nan dyagram lan
- mete lejann sou chak sèk
- mete yon nonb nan chak seksyon dyagram lan



Konbyen kanpè ki **pa t** chwazi yon aktivite deyò?


Repons _____ kanpè

Sou liy ki anba yo, eksplike kouman ou te detèmine kantite kanpè ki pa t chwazi yon aktivite deyò.

Kontinye

35

Tricia ap chwazi yon resipyan pou mete pèl bijou li yo. Yo montre resipyan yo anba a.



Chèche volim prism lan. Awondi repons ou pou rive nan nonb antye ki pi pre a.

Montre travay ou.

Volim prism _____ santimèt kib

Jwenn volim silenn lan. Awondi repons ou pou rive nan nonb antye ki pi pre a.

Montre travay ou.

Volim silenn _____ santimèt kib

Ki diferans ki genyen nan volim ant prism lan ak silenn lan? Awondi repons ou pou rive nan nonb antye ki pi pre a.

Repons _____ santimèt kib

36

Ekri faktORIZASYON primè 84 sou fòm eksponansyèl.

Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye




Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Kamarad klas Dan yo itilize kaye ki gen koulè diferan pou yo fè plizyè pwojè diferan. Dan ap trase yon graf an sèk ki reprezante kantite kaye ki gen koulè diferan yo. Tablo Dan lan montre mezi ang chak sektè graf li a.

Koulè	Mezi ang (an degre)	Pousantaj kaye
Ble	180°	50%
Jòn	90°	
Wouj	54°	
Vèt	36°	

Konplete tablo Dan lan. Pou fè sa sèvi ak mezi ang yo bay yo.

Itilize enfòmasyon ki nan tablo a pou kreye graf an sèk Dan lan. Asire ou mete lejann nan sektè yo.



Kontinye

Nan almannak ki anba a, Mindy te anrejistre tanperati wo chak jou an degre Farenhayt (°F) pou kenz premye jou yo nan mwa me.

ME

dim.	lend.	mad.	mèk.	jed.	vand.	sam.
1 77°F	2 80°F	3 65°F	4 61°F	5 65°F	6 71°F	7 82°F
8 87°F	9 70°F	10 71°F	11 86°F	12 86°F	13 86°F	14 70°F
15 87°F	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30	31				

Pati A

Itilize enfòmasyon ki nan almannak la pou konplete tablo frekans tanperati a yo montre anba a.

TANPERATI WO CHAK JOU (1–15 ME)

Tanperati (°F)	Total
61–65	
66–70	
71–75	
76–80	
81–85	
86–90	

Pati B

Ki etandi tanperati ki genyen pi souvan?

Repons _____ °F

Pati C

Ki etandi tanperati ki genyen mwen souvan?

Repons _____ °F

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 7
Egzamen Matematik
Liv 2
6–12 mas 2008

Grade 7
Mathematics Test
Book 2
March 6–12, 2008